# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–03 अक्टुबर 2023** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर क बीआरडी मेडिकल कॉलेज से विशेष संचारी रोग नियंत्रण अभियान क सुभारम्भ कइलें। 31 अक्टूबर ले चले वाले येह प्रदेसव्यापी अभियान बदे श्री योगी जन–जागरूकता प्रचार गाड़ियन के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें। येह मौका पर अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री कहलें कि अन्तरविभागीय समन्वय से आजु प्रदेस में जापानी इंसेफेलाइटिस जइसन गम्भीर बेमारी खतम भइले के कगार पर हौ। उहां के कहलीं कि येह बेमारी क आजु एक्को मरीज नइखें आ जल्दिये जापानी इंसेफेलाइटिस के उन्मूलन क घोसणा कइल जाई। उहां के ईहो कहलीं कि उनकर सरकार कुपोसण अउर गंदगी क समेस्या के दूर करे बदे हर घर दस्तक अभियान चलाई, जेकर नतीजा आजु सबके सामने हौ।

***हर बीमारी की जड़ है कुपोषण, गंदगी और कुपोषण। कुपोषण के खिलाफ महिला और बाल विकास के माध्यम से एक अभियान चलाना और आप सभी ने जब जिम्मेदारियों का निर्वहन किया तो परिणाम सबके सामने है। आज से 5 वर्ष पहले इसी सीजन में अकेले इस बीआरडी मेडिकल कॉलेज में 500 से 600 इंसेफेलाइटिस के मरीज होते थे और मृतकों की संख्या भी लगातार बढ़ती थी, लगातार बढ़ती थी। जब यह सीजन 15 नवंबर के बाद समाप्त होता था, तब तक 500–600 मौतें हो चुकी होती थीं लेकिन आज मुझे बताते हुए प्रसन्नता है कि जापानी इंसेफेलाइटिस का एक भी पेशेंट आज के दिन में नहीं है। एक्यूट इंसेफेलाइटिस के जो मामले आ रहे हैं उसमें हमने दोनों उपाय किए हैं, एक सर्विलांस को मजबूत किया है, इंसेफेलाइटिस ट्रीटमेंट सेंटर चल रहे हैं, मिनी पीकू हर जगह स्थापित हुए हैं। कुछ सरकार ने किए हैं, डबल इंजन की सरकार ने किए हैं, कुछ सीएसआर से स्थापित हुए हैं।***

श्री योगी कहलें कि प्रदेस सरकार बरिस 2017 से लगतारे डेंगू, मलेरिया, इंसेफेलाइटिस, कालाजार अउर चिकनगुनिया जइसन संचारी रोगन पर काबू करे बदे बिसेस अभियान चला रहलि हौ। पछिला छौ बरिस में एकर निम्मन नतीजा सामने आइल हौ। सालि में तीनि बेरि अन्तरविभागीय समन्वय के साथे संचारी रोग नियंत्रण बदे बिसेस अभियान चलावल जाला। श्री योगी कहलें कि 16 अक्टूबर से 31 अक्टूबर ले आशा कार्यकत्री घरे–घरे जा के दस्तक अभियान के जरिये बेमार लोगिन के चीन्हि के उनके इलाज क इंतिजाम में सहजोग करिहें। मुख्यमंत्री कहलें कि हम्मन के प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अवाहन पर बरिस 2025 ले टीबियो के जड़ से खतम करे के हौ। उहां के एकरे खातिर जनप्रतिनिधि, चिकित्सक, पैरामेडिकल स्टाफ अउर आम नागरिक लोगिन से अपने आसपास टीबी से पीड़ित मरीजन के गोद ले के स्वास्थ्य विभाग क अगुआई में चलावल जा रहल अभियान क हिस्सा बने क अपीलि कइलीं।

मुख्यमंत्री येह मौका पर आंगनबाड़ी अउर आशा कार्यकत्री लोगिन के उनके उत्कृस्ट कार बदे सम्मानित कइलें। उहां के आयुष्मान योजना क लाभारथियन के आयुष्मान कार्डो दिहलीं।

बनारस में विधायक सौरभ श्रीवास्तव भेलूपुर स्थित स्वामी विवेकानंद मेमोरियल राजकीय चिकित्सालय से विशेष संचारी रोग नियंत्रण अभियान क सुभारम्भ कइलें।

**********

नेपाल में आजु भूकंप क तेज झटका महसूस कइल गइल। रिक्टर पैमाना पर एकर तीव्रता चारि दसमलव छौ अउर छौ दसमलव दुइ दरज कइल गइल। भूकंप क असर राष्ट्रीय राजधानी नई दिल्ली अउर देस क उत्तरी राज्यन ले रहल। भूकंप क केन्द्र नेपाल में पांच किलोमीटर के गहराई में दरज कइल गइल। पहिला भूकंप दुपहरिया दुइ बजि के दुइ मिनट पर अउर दुसरा भूकंप दुइ बजि के एक्यावन मिनट पर आइल। फिलहाल एहसे केहू के हताहत भइले क सूचना नइखे।

प्रदेस क पच्छिमी जिलो में भूकंप क तेज झटका महसूस कइल गइल। मेरठ, बिजनौर, बागपत, मुजफ्फरनगर, शामली, सहारनपुर के साथे आसपास के जिलन में भूकंप अइले के बाद लोगि घर से बहरे निकरि अइलें। कउनहूं तरह क नोकसान क सूचना नइखे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर में गोरखनाथ मंदिर परिसर में आयोजित जनता दरसन में लोगिन क समेस्या सुनलें। उहां के सम्बन्धित अधिकारियन के समेस्या के जुरते निपटारा क निरदेस दिहलीं। श्री योगी कहलें कि पीड़ित लोगिन क मददि अउर पात्र लोगिन के सासन क जन–कल्याणकारी योजनन क फायदा देवे में कउनों तरह क देरी नाहीं होखे के चाही। जमीनि पर कब्जा के सिकाइतिन पर उहां के अधिकारी लोगिन के कब्जा करे वालन के खिलाफ कड़ेर कार्रवाई करे क निरदेस दिहलीं।

**********

मुख्यमंत्री अउर गोरक्षपीठाधीश्वर योगी आदित्यनाथ कहलें कि महंत अवेद्यनाथ क पूरा जिनगी भारत अउर भारतीयता बदे समरपित रहल। उहां के कहलीं कि महंत अवेद्यनाथ चुनौतीपूर्ण हालति में कार कइलें। उहां के हमेसा समाज अउर देस के कल्याण बदे समरपित रहलीं। श्री योगी गोरखनाथ मंदिर में आयोजित महंत दिग्विजयनाथ क चउवनवीं अउर महंत अवेद्यनाथ क नौवीं पुण्यतिथि के मौका पर आयोजित साप्ताहिक सरधांजलि समारोह में आजु महंत अवेद्यनाथ क पुण्यतिथि पर सरधासुमन अरपित करत रहलें।

**********